

**JAM'IYAH THORIQOH ANNAQSYABANDIYYAH
ALMUJADDADIYYAH ALKHOLDIYYAH PUSAT SOKARAJA**
Alamat: Jln.Imam Bonjol 404 Telp.0281-7911114
SOKARAJA PURWOKERTO 53181

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

ولإياك والقسوة ، وهي غلظ القلب وجموده حتى لا يتأثر القسوة بالموعة ، ولا يرق ولا يلين عند ذكر الموت والوعد والوعيد ، وأحوال الآخرة ، قال ﷺ : « أبعد الأشياء من الله تعالى القلب القاسي » ، وقال عليه الصلاة والسلام : « من الشقاء أربع : قسوة القلب ، وجمود العين ، والحرص ، وطول الأمل ». فاحترز من هذه الأربع . وفي الحديث الآخر : « واعلموا أن الله لا يقبل دعاء من قلب غافل » .

Athosing Manah Lan Supene Manah,
Panjenengan kedah ajrih/ wedi dateng athosing manah, inggih punika wadagipun lan jumudipun manah, sahingga manah punika mboten saged nampi labeting pitutur,lan manah punika mboten saget tipis lan lemes nalika ngelingi pejah, ngelingi janjine gusti Alloh, asncamane gusti Alloh lan pinten-pinten kawontenan alam akhirat.

Dawuh dalem Kanjeng Nabi Muhammad SAW: "Utawi luwih adohe pirang-pirang perkara saking (rohmate) Gusti Alloh iku ati kang athos". Lan dawuh dalem Kanjeng Nabi MuhammadSAW: Iku (kalebu tanda-tandane) cilaka, utawi perkara papat; Athose ati, jumude mripat, loba dunya lan dawaning pengengen-angen. Mila panjenengan kedah njagi saking perkawis sekawan punika. Lan ugi dipun terangaken wonten hadits sanes," Lan weruha sira kabeh, temen satuhune Gusti Alloh iku ora kersa narima dunga panyuwunan saking ati kang lali.

والغفلة دون القسوة ، وهي مذمومة ، وفيها غاية الضرر .
 والقلبُ الغافل : هو الذي لا يستيقظ ولا يتتبَّع إذا وردت عليه الموعظ والزواجر ، ولا يلتفت إليها من غفلته وسهوه ، واشتغاله بلعبه ولهوه ، وزخارف دنياه ، وأتباع هواه ، قال الله تعالى لرسوله عليه الصلاة والسلام : ﴿ وَأَذْكُرْ رَبَّكَ فِي نَفْسِكَ تَضَرُّعًا وَخِيفَةً وَدُونَ الْجَهَرِ مِنَ الْقَوْلِ بِالْفُدُورِ وَالْأَصَالِ وَلَا تَكُنْ مِنَ الْغَافِلِينَ ﴾ [الأعراف : ٢٠٥/٧] . فنهاه عن أن يكون من أهل الغفلة ، كما نهاه عن طاعة الغافلين والسماع منهم في قوله تعالى : ﴿ وَلَا تُطِعْ مَنْ أَغْفَلْنَا قَلْبَهُ عَنْ ذِكْرِنَا وَأَتَّبَعَ هَوَنَهُ وَكَانَ أَمْرُهُ فُرُطًا ﴾ [الكهف : ٢٨/١٨] .

Sifat ghoflah (supéning manah) punika sangandapipun sifat qoswah (atosing manah) Sifat ghoflah punika winada, lan wonten salebetipun sifat ghoflah punika wekasaning kemudlorotan.

Manah ingkang supe (al-Qolbu al-Ghofil) punika manah ingkang mboten tangi lan nggrégah nalika kedadengan pinten-pinten pitutur lan perkawis ingkang nyegah (saking maksiat), lan mboten nolih dateng pitutur kalawahu saking merga supe lan lalinipun, lan merga ketungkulipun kelawan ameng-amengan, lelahan, pepahesipun dunnya lan ngetut dateng kekarepanipun. Gusti Alloh ta'ala sampun ngendika dateng utusanipun (N.Muhammad) 'alaihi solatu wa salam: Lan elinga sira marang pangeranira ingdalem ati ira hale dépé-dépé lan samar lan ora kelawan nyerokaken pengucap ingdalem wektu ésuk lan soré. Lan aja ana sira iku kalebu golongan piro piro wong kang pada lali kabeh.{QS al-A'ruf (7):205}.

Gusti Alloh nyegah dumateng Kanjeng Nabi Muhammad SAW saking dados golonganipun ahli ghoflah(supe), kados enggenipun nyegah sangking manut dumateng tiang ingkang sami supe (ghofilin) lan mireng (caturan)saking tiang ingkang supe, wonten dawuhipun Alloh Ta'ala: Lan aja manut sira marang wongkang ingsun lalekaken atine saking eling marang ingsun lan manut maring kekarepan hawa(nafsu)ne lan ana perkarane iku ngeliwati pelanggeran.[QS.al-Kahfi(18):28]

وَمِنَ الْغَافِلَةِ أَنْ يَقْرَأَ الْعَبْدُ الْقُرْآنَ الْكَرِيمَ أَوْ يَسْمَعُهُ فَلَا يَتَدَبَّرُهُ
 وَلَا يَتَفَهَّمُ مَعَانِيهِ ، وَلَا يَقْفَعُ عَنْ أَوْامِرِهِ وَزَوَاجِرِهِ ، وَمَوَاعِظِهِ
 وَقَوْارِعِهِ . وَكَذَلِكَ أَحَادِيثُ الرَّسُولِ عَلَيْهِ الصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ
 وَكَلَامُ السَّلْفِ الصَّالِحِ رَضْوَانُ اللَّهِ عَلَيْهِمْ .

Lan kalebet setengah saking sifat ghoflah (supé) inggih punika nalika salah setunggaling kawula(manungsa) mahos kitab al-Qur'an ingkang mulia, utawi mirengaken (al-Qur'an), mangka piyambake mboten angen-angen lan memahami(al-Qur'an kalawahu), lan mboten mendel nalika (mahos ayat ingkang nedahaken) dawuh2ipun lan cecegahan/laranganipun, pituturipun lan ingkang ngethuk

(manah)ipun. Semanten ugi nalika mahos hadits-hadisipun kanjeng rosul (N.Muhammad) ‘alaihis sholatu was salam, lan pangendikanipun Ulama Salaf (kina) ingkang sholeh ridlwanullohi ‘alaihim.

Ma’khodz : Kitab Nashoihud Diniyyah (hal.49])
Mualif : al-Habieb ‘Abdulloh bin Ba’alawie al-Haddad
Mutarjim : Syamsul Qodri el-Falaky.